# Qaraqalpaq antroponimlerinde kelbetliktiń semantika-funkcional ózgesheligi

*Àmiwdárya rayonı 1 –sanlı kásip-òner*

*mektebiniń qaraqalpaq tili páni oqıtıwshısı:***G.Genjeeva**

***TEZIS ANNOTATSIYASI:*** *Kelbetlik qaraqalpaq tilinde òziniń leksika-gramatikalıq òzgesheliklerine iye gárezsiz sòz shaqabı sıpatında ajıralıp turadi.Kelbetliktin leksikalıq mánisin jarıtıwda sematikalıq-stillik qásiyetleri áhmiyetli sanaladı.*

*Tezistıń maqseti kelbetliktiń menshikli adam atlarındağı semantika-funkciyalıq òzgesheliklerin ashıp beriw.*

***Tayanısh sózler:*** *menshikli adam atları, funkcional- semantika, semantikalıq mazmun.*

Kelbetlikler tiykarınan predmet yamasa shaxstıń belgisin sıpatlap kelgeni ushın onıń turmısımızda qollanıw sheńberi júda keń. Kelbetlik sóz shaqabısız biz predmetke yamasa shaxsqa táriyp beriw, jaqsı-jaman xarakterlerin ashıp beriw, tábiyat kartinasın jasawdı kóz aldımızğa keltiriw qıyın.

Búgingi kúnde menshikli adam atların izlertlew, olardıń etimologiyası, leksikalıq ózgeshelikleri boyınsha izertlewler alıp barıldı. Bir topardağı kelbetlikler bar, olardıń ulıwma mánisi tiykarında adam atları júzege kelgen. Kelbetlik tiykarında payda bolğan menshikli atlardıń mánis ańlatpası boyınsha aytılğan pikirler ilimde tartıslı bolıp tabıladı.

Kelbetlik tiykarında payda bolğan adam atların tómendegi toparlarğa bólip izertlew múmkin:

1.Sapalıq kelbetlik tiykarında qáliplesken adam atları: Muxammed (maqtawlı), Axmed (asa maqtawlı), Ázim (ullı), Rustem (kúshli, quwatlı), Farhad (jeńimpaz), Dilbar (súykimli), Gúlara (gúlge bezengen), Buzrux (ullı), Barzu (joqarı, ullı), Bákir,

Nádira (sheber), Zárip (sulıw), Zuxra (jaqtılı), Nádir (siyrek), Hámid (dańqlı), Jámiyla (sulıw, haq kewil), Bahadır (batır,palwan ).

2. Jaǵday kelbetligi tiykarında qáliplesken adam atları: Batır, Bahram (jeńimpaz), Jaqsıgúl, Baqıy (mángi), Sálim (zıyanlanbaǵan, saw-salamat), Erkinbay,Toǵjan , Qutlıbiyke, Mehriban, Paraxat.

3. Reń-tús kelbetligi tiykarında qáliplesken ataqlı atlar: Qarajan, Aqqız, Aqsúńgil, Sarıbay, Sarıgúl, Qaraman, Qarashash, Qaraqas, Peruza (kók tas).

4. Forma-kórinis kelbetlikleri tiykarında qáliplesken menshikli atlar: Ayday, Aydana, Aysha, Marjan, Meńli, Tolǵanay, Qarlıbay, Jupar, Jipek, Hasıl.

5. Maza-dám bildiriwshi kelbetlikler tiykarında qáliplesken menshikli atlar: Tatlıgúl, Shiyringúl, Palbiybi, Palqız, Palzada.

6. Kólem-ólshem kelbetligi tiykarında qáliplesken menshikli atlar: Tunǵıshbek, Genjebay, Genjexan,Uzaqbay, Uzayda, Artıq hám b.

Menshikli adam atları menen baylanıslı kelbetliktiń semantikalıq xızmetin atlıq sóz shaqabına tiyisli sózler menen de kórsetip ótiw múmkin. Máselen Búrkit, Qarlıǵash, Totı, Qarshıǵa, Arıslan sıyaqlı menshikli atların alıp qarayıq. Bul jerde adam atların quslarǵa baylanıslı atap qoyılǵanda sol adamlardı búrkit, qarlıǵash, totı, qarshıǵa sıpatında túsine almaymız. Adamǵa Búrkit dep menshikli attıń qoyılıwının sebebi búrkittey kúshli, ilgir bolsın degen mánide, Qarlıǵash, Totı, Qarshıǵa dep qoyıwdaǵı sebep: qızlardaǵı názik, minayım, sulıw, kewli pák bolsın degen tilekte qoyıladı.Bunnan basqa Nabat, Jipek, Hinji, Peruza sıyaqlı menshikli adam atlarınıń semantikalıq mazmunına itibar bersek, kóbirek qız perzentlerge atap qoyılǵanda qızlardıń ómiri nabattay shiyrin bolsın, jipektey jaǵımlı, hinjidey jaqtılı, peruzaday hasıl tastay bolsın degen jaqsı niyetler menen qoyıladı. Bunnan kórinedi hárqanday menshikli adam atlarındaǵı atalǵan nárse, predmet hám hal-jaǵday, kórinis atamalarınıń negizine, sol zatqa qatnaslı qásiyetler xızmet etedi.

Kelbetliktiń antroponimlerindegi semantika-funkcional ózgesheliklerinen biri qospa adam atları arqalı kóriwge boladı.Máselen Aqılbek, Danagúl, Jaqsıgúl, Nazlıgúl, Hasılbiyke, Erkejan sıyaqlı menshikli atlarda qospa sózdiń birinshi

komponentindegi kelbetlikler arqalı adamnıń minez-qulqına baylanıslı qásiyetlerdi bildiriwshi kelbetliklerdiń xızmetin ayqın kóriwge boladı.

Kelbetliklerdiń semantika-funcional xızmetin keńirek aytatuǵın bolsaq, búgingi kúndegi xalqımız tariyxına názer awdarsaq, ata-babalarımızdıń mártligin ózinde jámlegen, bir esitkennen ol tariyxıy shaxs haqqında mártlik, ádillik, qaytpaslıq, sadıqlıq hám gózzallıq sıyaqlı xarakterli belgiler kóz aldımızda sáwlelenetuǵın Ernazar, Aydosbiy, Alpamıs, Barshınay, Tumaris, Gúlayım sıyaqlı menshikli adam atların búgingi turmısımızda kóp ushıratıw múmkin. Ata-analar perzentiniń márt, palwan, rasgóy bolıp ósiwi hám watanǵa kerekli perzent bolsın degen niyette tariyxıy babalarımızdıń atın atap qoyadı.

Erte dáwirlerden berli saqlanıp kiyatirǵan hám búgingi kúnge kelip te dawam etip atırǵan úrp-ádetlerimizden biri bolǵan taza túsken kelinniń qáyin jurtındaǵı biykesh hám qáyin inilerine ózge at qoyıp shaqırıwı bolıp esaplanadı. Bul tilimizde tabu dep atalıp, qanday da bir sebeplerge baylanıslı anaw, yaki mınaw sózdi aytıwı qadaǵan etiwden payda bolǵan sózler kiredi. Kelinniń qáyin jurtındaǵılardıń atın aytıp shaqırıwı uyat hám húrmetsizlik sıpatında sanalǵanlıǵı ushın, olarǵa ózge at qoyıp alıwı dástúrge aylanǵan. Qaraqalpaq kelinleri at qoyıwda ásirese biykeshlerine shıraylı hám olardıń kewillerinen shıǵıwı ushın maqtawlı xarakterge, sın-sımbat kóriniske beyim sózlerdi tańlaydı.Mısalı: Sulıw qız, Botakóz, Appaq qız, Ayday, Ay qız, Erkejan, Qaraqas, eger biykeshi yamasa qáynisi shańaraqtıń sońǵı yamasa ortanshı perzenti bolsa, Genjetay, Kishkene, Aq jigit, Ortanshı qız dep at qoyadı. Mısalı: — Aq jigit beri kel,bawırsaq bereyin ,- dep ózi shaqırıp aldı (M.Nızanov ).

Xalıq arasında belgili at penen shıqqan adamlarǵa laqap qosıp aytıw burınnan kiyatırǵan dásturlerden biri esaplanadı. Laqap adamnıń túr-túsindegi ayrıqsha belgiler, minez-qulqındaǵı ózgeshelikler, kásibi yamasa shuǵıllanıw tarawına qaray, sonıń menen bir qatarda onı esletiwshi bir waqıyaǵa tiykarlanıp laqap taǵılǵan. Sonday-aq bir awılda birdey attaǵı birneshe adamlardıń bolıwına baylanıslı da, olardı aljastırmaw ushin ózine tán joqarıdaǵı aytılǵan belgilerine qaray laqap penen atap kórsetken. Bunday laqaplardıń leksikalıq hám morfologiyalıq jaqtan tallaǵanda

kópshiligi adamnıń kelbetindegi belgiler hám minez-qulıq ózgesheligine qaray kelbetlikler tiykarında dórelgen. Mısalı, qaraqalpaq xalqı tariyxında Ajiniyaz Qosıbay ulına (Ziywar), ullı bababmız Ernazar biyge (Ernazar Alakóz), Erejep tentek, Jiyrenshe sheshen, Nasriddin ápendi, Ómirbek laqqı hám basqalar ushırasadı. Erejep tentektiń babası Seri tentek degen kisi bolǵan. Seri tentektiń balası Qulshı tentek degen kisi. Usı Qulshı tentektiń balası – ózimizge belgili, ataǵı shıqqan Erejep tentek bolǵan (Qaraqalpaq ańızları). Bayaǵı zamanda Jiyrenshe sheshen xannıń aldına barıp, sózdiń qıysının keltirip aytıp, xannan hárbir sózi ushın bayraq aladı eken. – Kimde-kim minardıń basında jalańash bir aqsham turıp shıqsa, kim bolıwına qaramastan, xan qızın beredi, – dep xannıń jarshısı jar urıp júrgen qusaydı. Bunı Nasıratdin ápendi esitip barıptı (Qaraqalpaq ańızları). Ala kózli Ernazarıń, Sen dep ólgen balań edi (I.Yusupov). Bul saparı oyaqlardan toydıń deregi shıqsa, ataqlı úsh shabandoz keldi. – Mádiyar kók jal, Shıraz taqımshıl hám Artıqbay kók bala (M.Nızanov).

Solay etip kelbetlikler antroponimlerdiń jasalıwında sóz qurlısında túbir halında qollanıp ta yamasa semantikalıq mánisi menen sol sózge qatnaslı bolıp keledi.

**Paydalanılǵan ádebiyatlar**

1.Sayımbetov O.T. Qaraqalpaq tilinde menshikli adam atları. 2000.

2.Никанов В.А. Имя и общество. –Москва, 1974.

3. Házirgi qaraqalpaq tiliniń grammatikası Sóz jasalıw hám morfologiya (Nókis 1994)